WIKIPÉDIA

Basa Konkani

Basa Konkani iku anak cabang kidul basa Indo-Arya lan dianggep sempalan saka basa Marathi. Basa iki awalé pancèn asalé saka wewengkon **Konkan** lan **Goa**, nanging amarga masalah ékonomi mula panutur basa iki banjur pindhah menyang manéka wewengkon ing India. Saliyané faktor panyerbuan saka manéka bangsa kaya déné panguwasa Islam lan Portugis. Akibaté, para panutur basa Konkani iki bisa ditemoni ing praja Goa, Maharastra, Karnataka, Kerala lan sapérangan pérangan Tamil Nadu. Panutur basa iki uga heterogen banget saka status sosial, uga agamané. Diprakirakaké ana 3 yuta wong sing migunakaké basa Konkani.

Status Basa

Basa Konkani wiwit diakoni minangka basa kasusastraan nalika taun 1975 déning Sahitya Academy, lan bener-bener didadèkaké basa resmi praja Goa nalika taun 1987. Basa iki uga mlebu sajeroning konstitusi angka 8 nalika taun 1992 lan dadi salah siji basa nasional ing India sanajan isih ana kakurangan ing kana kéné. Wiwit uwal saka Portugis, basa Konkani digunakaké ing kabèh babagan kauripan déning masarakat Goa, formal uga informal.

Sistem Panulisan

Isih ana karancuan sajeroning sistem panulisan basa Konkani. Sanajan huruf Devanagari dikukuhaké minangka huruf resmi, nanging akèh banget wong Konkani sing migunakaké huruf Latin uga huruf Kannada sajeroning nulis.

Conto :

- Helo = Halo
- Tum kaso aasaa? = *Apa kabar?*
- Haamva baro aasaam. = Apik-apik.
- Deva barem karum = Matur nuwun
- Tumacem naamva kidem?= Sapa jenengmu?
- Mhajem naamva….. = Jenengku……
- Barem, melumya = *Sampai jumpa*